



## Revizyon Etap Gradyasyon Eta New Jersey 5 Keson Kle

### 1. Kisa nou vle tout elèv yo konnen epi yo kapab fè anvan yo gradye?

#### Konsidere bagay sa yo:

- Konesans ak ladrès (konpetans) akademik, sa vle di kontni
- Konesans ak ladrès sosyal-emosyonèl
- Preparasyon Sivik Konesans ak Ladrès
- Respekte divèsite epi devlope yon konpreyansyon sou ekite ak enklizyon
- Pòtre yon gradye / 21yèm syèk la ak lòt ladrès: Ki konpetans, dispozisyon ak mantalite ki nesesè pou gradye yo dwe apranti ak kontribitè pandan tout lavi yo?
  - sa vle di senpati, komunikasyon, kolaborasyon, panse kritik, rezoud pwoblèm, otomotivasyon, kapasite pou wè ak konprann istwa ak evènman aktyèl yo nan plizyè pèspektiv, ak kapasite pou fè fas ak defi ak yon espri ekite.

### 2. Kijan nou vle tout etidyan yo demonstre konesans ak konpetans (ladrès) sa yo pandan y'ap kapitalize kilti, lang, ak eksperyans yo?

#### Konsidere bagay sa yo:

- |   |   |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none"><li>• Aprantisaj eksperimental</li><li>• Travay pratik</li><li>• Pwojè</li><li>• Evalyasyon</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>• Pòtfolyo</li><li>• Eksperyans travay / estaj</li><li>• Sevis kominote</li></ul> |
|---|---|

### 2. Kijan ou mezire aprantisaj ak akonplisman (jan sa konsène repons # 2 ki pi wo a) pou asire yo se endikatè pou fen etid segondè pandan w'ap pèmèt tout elèv yo gen opòtinite pou yo reyisi?

### 3. Kijan mezi akonplisman yo ka reflete avèk presizyon konpetans ak konesans popilasyon espesyal nou yo, tankou etidyan ki gen andikap ak etidyan k'ap aprann lang angle?

#### Konsidere bagay sa yo:

Konsidere si mezi evalyasyon altènatif yo ta dwe disponib pou popilasyon etidyan espesyal yo epi, si wi, kiyès ladan yo? Egzanp: pwojè, pòtfolyo, elatriye.

### 4. Ki kondisyon kou oswa egzamen ki pral asire tout elèv yo prepare pou kolèj, karyè, ak angajman sivik?

#### Konsidere bagay sa yo:

Kijan fè etid ki nesesè pou pase egzamen matematik, syans, ELA, ak syans sosyal endike preparasyon pou opsyon apre lekòl segondè, tankou:

- 2- oswa 4-ane kolèj
- Pwogram fòmasyon sètifikasi karyè
- Travay nivo antre
- Sèvis militè
- Angajman sivik
- Lòt opòtinite



Office of the Board of Regents  
89 Washington Avenue, Room 110  
Albany, NY 12234  
Tel. (518) 474-5889  
Fax (518) 486-2405  
E-mail: RegentsOffice@nysed.gov



New York State  
EDUCATION DEPARTMENT  
Knowledge > Skill > Opportunity